(४) एहि ठाम प्रणीता पातक जल स्पर्श करथि (५) तखन स्त्री कें आगां कय पूव मुह दूनू स्त्री पुरुष ठाढ़ होथि (६) तखन वरक जोड़ल दूनू हाथ पर कन्या अपन दूनू हाथ राखथि ताहि पर घृत शैनि पलाश मिलावोललावा अपन भाइक हाथें लय मन्त्र पढ़ैत होम करथि (७) ई कन्या दीप्यमान सूर्य्य रूप अग्निक पूजा करैत छथि कारण जे सूर्य्य देवता हमरा एहि स्वामी सं विच्छेद नहिं करावथु तें हेतु ई आहुति हम अग्निरूपी सूर्य्य कें दैत छिऐन्हि (८) अग्नि में लावा दैत ई नारी प्रार्थना सं बजैत छथि जे हे अग्नि हमर स्वामी चिरजीवी होथु आवोर हमर वन्धु वर्ग कें वृद्धि होन्हि तें हेतु ई आहुति हम अग्नि में दैत छी —

वधूभ्रातृ इति वध्वाः सहोदर भ्रातु रभावे पितृव्य पुत्रा दयः तथा चाश्वलायनः भ्रातृ स्थानः पितृ व्यस्य मातुल स्यवय;सुतः। मातृ ष्वसुः सुतस्त द्वत् सुतस्त इतिपितृ ष्वसुरिति। एहिठाम तोनिबेरि अञ्जलि में लावा लय के होम करथि शूप में नहिं। आगां १४ पत्रमें एक बेरि सूपक कुष्ठ (जिह्वा) सं होम करथि से ताहोठाम उक्त अछि। यथा लाजाञ्जलिर्वध्वाहूयतेऽङ्गुलि पर्वभिः। एवंलाजाहविः शेषं हुवते शूर्प जिह्वया। लाजा होमश्चायं कनिष्ठा मूलात्मक सोमतीर्थेन कार्य्य इति गोभिलः

(१) हे स्वामिन् ? अपनेक कल्याणक हेतु ई लावा हम अग्नि में दैत छी अपन क ओ हमर एक ठाम वास हो से अग्नि बूझथु तें हेतु ई आहुति हम अग्नि के दैत छिएन्हि (२) तखन वर आंगुठ सहित दहिन हाथ वधूक पकड़थि (३) हे सुन्दरि ? सौभाग्य लाभ करवाक हेतु हम अहाँक हाथ पकड़ैत छी हमरा सङ्ग अहाँ अधिक दिन जीवू। गृहस्थक धर्म्म पालन करवाक हेतु सूर्य्य आदि देवता सब अहाँके हमरा देलन्हि। हम अहाँ विना लक्ष्मी सँ शून्य छी अहाँ हमर लक्ष्मी थिकहुँ। हम सामवेद थिकहुँ अहाँ ऋग्वेद थिकहुँ हम आकाश थिकहुँ अहाँ पृथिवी थिकहुँ।

(१ ओम् इमाँल्लाजानावपाम्यग्नौ समृद्धि करणन्तव। ममतुभ्यचसम्बदनन्तदग्निरनुमन्यतामियँ स्वाहा इदमग्नये (२) ततो बरो बधू दक्षिण हस्तं सङ्गुष्ठं गृह्णाति (३) ओम् गृभ्णामिते सौभगत्वाय मया पत्या जरदष्टिर्य्यथासः। भगो अर्य्यमा सबिता पुरन्धिर्म्मह्यं त्वादुर्गार्हपत्याय देवाः। अमोऽ हमस्मिसात्वँ सात्वमस्यमोऽहम्। सामाहमस्मि ऋक्त्वं द्योरहम्पृथिवीत्वम्। ताबेहि विवाहावहै सहरेतो दधावहै प्रजाम्प्रजनयाबहै पुत्रान् विन्दावहै बहून्। तेसन्तु जरदष्टयः सम्प्रियौरोचिष्णू सुमनस्यमानौ। पश्येम शरदः शतं जीवेम शरदः शतँ इतिमन्त्रेण (४) अथ बधूमग्नेरुत्तरतः प्राङ्मुखीम्पूर्वोपकल्पित दृषदुपलं दक्षिणपादेनारोहयतिबरः (५) ओम् आरोहेममश्मान मश्मेवत्वं स्थिराभव। अभितिष्ठपृतन्यतोऽववाधस्व पृतनायतः इतिमन्त्रेण [६] आरूढायामेवतस्याम्वरोगाथाङ्गायति।

तें हेतु आउ हम दूनू गोटें विवाह करू से भेला सं अहां में हमवीर्य्य देव ताहि सँ सन्तान उत्पन्न करव वहुत पुत्र लाभ करव ओ पुत्र सव चिरजीवी होथि हम दूनू गोटें अपना में खूब स्नेहराखव तथा तेजस्वी होएव सुख सं शय वर्ष सव देखव शय वर्ष जीव। एहि मन्त्र सं (४) तखन अग्नि सं उत्तर दिशि पहिनहिं सँ राखल पाथर पर पूव मुहें वधूक दहिन पैर वर दिआवथि (५) हे सुन्दरि ? एहि पाथर पर अहाँ चढ़ू पाथर जकां स्थिर होउ अहां सं विरुद्ध जे व्यक्ति (अहांक आक्रमण करवाक हेतु) सैन्यक अभिलाषा करथि हुनका पैर सं दावू शत्रु कें पराजय करू॥ एहि मन्त्र सं (६) वधू पाथर पर ठाढ़िए रहथि ताहि काल वर गाथागान (एहि विवाह कर्म्म में प्रमाद कृतदोष निवारणार्थ सरस्वतीक स्तुति) करथि॥

(१) हे सरस्वति ? हे सुन्दरि ? हे कीर्त्तिरुपाभय ग्रोड़ी जकाँ एहि संसार में सब प्राणीक आगाँ शीघ्र चलनिहारि ? एहि विवाह कर्म्म में प्रमाद सँ जे त्रुटि भेल हो तकर पालन करु जाहि अपने में पृथ्वी जल तेज वायु आकाश सब भेल अछि ओ चराचर सब ई संसार भेल अछि जे अपनेक गान स्त्रीगण कें उत्तम यश थिकैन्ह ताहि अपनेक गान कें आइ हम गाबैत छी (२) तखन आगाँ वधू पश्चात् वर प्रणीता पात्र ब्रह्मा सहित अग्नि प्रदक्षिण करथि। ताहि ठाम वर मन्त्र पढ़थि (३) हे अग्नि सूर्य्यक समान तेजवाली ई कन्या सँ पहिने अहाँक हेतु चन्द्रमा गन्धर्व विवाह कैलैन्हि फेरु अहाँक सङ्ग सँ हिनका मनुष्य विवाह करथु तेँ सन्तान उत्पन्न करवाक हेतु ई स्त्री हमरा दिय (४) तखन अग्नि सँ पाछाँ पहिनहि जकाँ ठाढ़ भय लावा सँ होम आंगुर सहित हाथ

(१) ओम् सरस्वति प्रेदमवसुभगे वाजिनीवति। यान्त्वा विश्वस्य भूतस्य प्रजायामस्याग्रतः। यस्याम्भूतं समभवद्यस्याम्भूतमिदं जगत्। तामद्य गाथां गास्यामि या स्त्रीणामुत्तमं यशः (२) ततोऽग्रे वधूः पश्चाद्वरः प्रणीताब्रह्मसहितमग्निम्प्रदक्षिणी कुरुतः। तत्र मन्त्रं वरः पठति (३) ओम् तुभ्यमग्रे पर्य्यवहन्त्सूर्य्यां वहतुना सह। पुनः पतिभ्यो जायान्दा अग्ने प्रजया सह (४) ततः पश्चादग्नेः पूर्ववत्स्थित्वा लाजा होमं साङ्गुष्ठ हस्त धारणाश्मारोहण गाथागानाग्नि प्रदक्षिणानि पूर्ववत्पुनरपि तथैव (५) एतेन नवलाजाहुतयः साङ्गुष्ठहस्तग्रहणात्र्यमश्मारोहणात्रयं गाथागानत्रयमग्निप्रदक्षिणा त्रयं चसम्पद्यन्ते [६] ततोऽवशिष्टं लाजैः कन्याभ्रातृदत्तैरञ्जलिस्थैः [७] शूर्पकोणेन वधूर्जुहोति [७] ओम् भगाय स्वाहा। इदम्भगाय (८) ततस्तूष्णीञ्चतुर्थं परिक्रमणम् (९ ततो वर उपविश्य ब्राह्मणान्वा रब्ध (आज्येन प्राजापत्यं जुहोति।

धरव पाथरपर पैर राखव गाथागान अग्नि प्रदक्षिण पहिनहिँ जकाँ फेरु ताही तरहँ करथि (५) एहि सँ नवो बेरि लावा सँ होम आंगुर सहित हाथ पकड़व तोनि बेरि पाथर पर पैर देव तीनि बेरि अग्नि प्रदक्षिण तीनि बेरि सम्पन्न भेल (६) तखन भाइ सँ देल शेष लावा लय हाथ में राखल शूपक कोन (कुण्ठाकार जिह्वा) द्वारा आगिमेँ खसबैत वधू होम करथि (७) ई लावा कामदेव कें प्राप्त होउन्ह तें हेतु ई लावा कामदेवकें देत छिऐन्हि (८) तखन बिना मन्त्रहि चारिम बेरि प्रदक्षिण करथि (८) तखन वर बैसिक अपना सँ ब्रह्मा पर्य्यन्त एक कुश राखथि घृत सँ प्राजापतिक होम करथि।

(९) शूर्पकोणेनेति। अग्ने वविध्रवानारो कोणे चैव मृतप्रजाः। जुहुयाच्छूर्प कुण्ठेन तचाग्रेणन कोणयोः। गृह्यासंग्रहे यथा लाजाञ्जलिं वत्वा हसतेऽङ्गुलिपर्वभिः। एवं लाजाहविः शेषं हूयतें शूर्प जिह्वया शूप जिह्वया शूर्पं जिह्वाग्रेण कुण्ठाकारेण होमं कुर्य्यात।

१३

(१) एहि आहुति सँ प्रजापति सन्तुष्ट होथि तें हेतु ई आहुति प्रजापति कें दैत छिएन्हि। ई मनसा नामक होम भेल (२) एहि ठाम आहुतिक शेष प्रोक्षणी पात्र में राखथि (३) तखन एँपन सँ उत्तर उत्तर क्रमें बनाओल सातटा मण्डल (सप्तपदी) पर सात बेरि वधू सँ पैर अगिला मन्त्र सँ वर दिआवथि (४) पहिल पर हे सखि ? मनोरथ पूर्ण करवाक हेतु एक डेग विष्णु अहाँ के लय जाथु (५) दोसर पर हे सखि ? वल लाभ करवाक हेतु दूइ डेग विष्णु अहाँ कें लय जाथु (६) तेसर पर हे सखि ? धन वढ़ैवाक हेतु तीनि डेग विष्णु अहाँ कें लय जाथु

(१) ओम् प्रजापतये स्वाहा इदम्प्रजापतये। इति मनसा (२) अत्रप्रोक्षणीपात्रे हुतशेषस्य प्रक्षेपः (३) तत आलेपनेनोत्तरोत्तर क्रमेण कृत सप्तमण्डलेषु सप्तपदाक्रमणम्बधूम्बरोवक्ष्यमाणमन्त्रैः कारयति (४) तत्र प्रथमे ओम् एकमिषे विष्णुस्त्वानयतु (५) द्वितीये ओम् द्वे ऊर्जे विष्णु स्त्वानयतु (६) तृतीये ओम् त्रीणिरायस्पोषाय विष्णु स्त्वानयतु (७) ओम् चत्वारिमायो भवाय विष्णुस्त्वानयतु (८) पञ्चमे ओम् पञ्चपशुभ्यो विष्णुस्त्वानयतु (९) षष्ठे ओम् षड्तुभ्यो विष्णुस्त्वानयतु (१०) सप्तमे ओम् सखे सप्तपदा भव सामामनुव्रताभव विष्णुस्त्वानयतु (११) ततोऽग्नेः पश्चादुपविश्य पुरुषस्कन्धावस्थित कुम्भादाम्र-पल्लवेनजलमानीयबरो बधू मभिषिञ्चति (१२) ओम् आपः शिवाःशिवतमाः शान्ताःशान्ततमाः। तास्ते कृण्वन्तु भेषजम्। इत्यनेन।

(७) चारिमपर हे सखि ! सौख्यउत्पन्नकरवाक हेतु चारिम डेग विष्णु अहाँ कें लय जाथु (८) पाचमपर हे सखि ! पशुसवहिंक कल्याण करवाक हेतु पाचम डेग विष्णु अहाँ के लयजाथु (९) छठमपर हे सखि ! ऋतुसमय प्राप्ति करवाक हेतु छठम डेग विष्णु अहाँ कें लयजाथु (१०) सातमपर हे सखि ! हमर व्रतपालन कैनिहारि होउ पातिव्रत ओ भूरादि सातोलोक प्राप्तिकरवाक हेतु सातम डेग विष्णु अहाँ कें लय जाथु (११) तखन अग्नि सँ पाछाँ वैसि पुरुषक कान्ह पर राखल कलशक जल आमक पल्लव सँ लय कन्या कें वर सेचन करथि (१२) अतिसँ कल्याण कैनिहार तथा अत्यन्त (शान्त) अनुपद्रव कैनिहार जल अहाँ के रोग नाँशक औषध होथि एहि मन्त्र सँ।

(१) फेर ताही कऽशक ताही तरहें लेल जल सं सेचन करथि (२) हे जल ! अहाँ सुखक स्थान थिकहु हमरा वल हो तें हेतु धारण करैत छी हमरा परमात्मा सं सयोग कराउ। इच्छा-वाली माय दूध रूप रसक भागी जाहो तरहें पुत्र कें बनावैत छथि ताही तरहें (३) अहाँक जे कल्याण स्वरूप रस अछि तकर भागी हमरा बनाउ। (४) जे अपनेक रस सातो लोक में तृप्ति करावैत अछि ताहि रस सं हम तृप्ति होएब ताहि रसक भोक्ता हमरा बनाउ एहि तीनो मन्त्र सं (५) तखन (दिनकें विवाह भेने) सूर्य्य कें देखू ई वधूकें वर कहथिन्ह तखन वर मन्त्र पढ़थि (६) पूव दिशा में उगल पापहीन देवता सबहिंक हित तीनो लोक कें देखनहार ब्रह्मक आँखि रूप सूर्य्यक विम्ब थिकन्हि। हमरा लोकनि शय वर्ष देखब शय वर्ष जोब शय वर्ष सब शूनब शय वर्ष बाजव

(१) पुनस्तत एव कुम्भात्तथैवानीत जलेनाभिषिञ्चति (२) ओम् आपोहिष्ठामयोभुवस्तानऊर्जे दधातन। महेरणायचक्षसे (३) ओम् योवः शिवतमोरसस्तस्यभाजयतेहनः। उशतीरिवमातरः (४) ओम् तस्माअरङ्गमामवोयस्यक्षयायजिन्वथ। आपा जनयथाचनः इति तिसृभिः (५) ततः सूर्य्यमुदीक्षस्व इति वधूंसम्बोध्य वर आह (६) ओम् तच्चक्षुर्देवहितम्पुरस्ताच्छुक्रमुच्चरत् पश्येम शरदः शतञ्जीवेम शरदः शतꣳ शृणुयाम शरदः शतम्प्रब्रवाम शरदः शतमदीनाः स्याम शरदः शतम्भूयश्चशरदः शतात् इति पठित्वा वधूः सूर्य्यम्पश्यति (७) अस्तमितेसूर्य्ये। ध्रुवमुदीक्षस्व। इति पतिप्रैषानन्तरम्वधूः ध्रुवम्पश्यति। तत्र वरपठनीयो मन्त्रः (८) ओम् ध्रुवमसिध्रुवन्त्वापश्यामि ध्रुवैधिपोष्यामयिमह्यन्त्वादाद्बृहस्पतिः मयापत्याप्रजावती सञ्जीव शरदःशतम्।

शयवर्ष दीन नहि होएब ई मन्त्र वर पढ़थि तखन वधू सूर्य्य कें देखथि (७) राति के विवाह भेनें। ध्रुव कें देखू! ई कथा जखन स्वामी कहथिन्ह तखन वधू ध्रुव कें देखथि। ताहि ठाम वर मन्त्र पढ़थि (८) हे सुन्दरि! अहाँ ध्रुवजकाँ स्थिर होउ ध्रुव जकाँ स्थिर अहाँ कें हमदेखैत छी ध्रुव जकाँ स्थिर पोषण कैनि हारि होउ। अहाँ कें बृहस्पति हमरा देलन्हि पुत्र सहित अहाँ हमरा सङ्ग शय वर्ष जीवू॥

(१) एहि प्रकारें कहने तखन यदि वधू ध्रुव कें नहि देखथि तथापि हम देखैत छी ई वाजथि (२) एकर बाद वर वधूक दहिन कान्ह पर देने हाथलय जाय हुनक हृदय छूबथि (३) हे सुन्दरि ? अहांक हृदय हमर निश्चय में स्थिर होथि तें हेतु हमर चित्त अहांक चित्तक अनुकूल हो हमर वचन एकाग्र चित्त सँ पालन करू प्रजापति अहांकें हमरा में स्थिर करथु -- एहि मन्त्र सँ (४) एकर बाद वर वधू कें अभिमन्त्रित करथि (वधूक सौभाग्य प्रार्थना लोक सँ करथि) हे लोक सब ! ई वधू सुन्दर मङ्गल वाली छथि से अपनें लोकनि आउ देखिऔन्हि हिनका सौभाग्य दय कें अपनें लोकनि अपन स्थान जाउ।

(१) इति पृष्टा सा यद्यपि न पश्येत्तथापि पश्यामीत्येवम्ब्रूयात् (२) अथ वरो वधू दक्षिणांसस्योपरिहस्तन्नीत्वा तस्या हृदयमालभेत (३) ओम् मम व्रते ते हृदयन्दधामि मम चित्तमनुचित्तन्तेऽस्तु। मम वाचमेकमनाजुषस्व प्रजापतिष्ट्वा नियुनक्तु मह्यम् इति मन्त्रेण (४) अथ वधूमभिमन्त्रयतिवरः (५) ओम् सुमङ्गलीरियम्वधूरिमाᳬ समेत पश्यत। सौभाग्यमस्यैदत्वायाथास्तम्विपरेतन। इति मन्त्रेण [६] अथ वधूम्बलवान्कश्चिद्ब्राह्मणः उत्थाप्य प्रागुदग्वा गुप्तागारे लोहितानडुहचर्म्मणिलोमास्तीर्णे बरोवा उपवेशयेत् [७] ओम् इहगावो निषीदन्तु इहाश्वा इहपुरुषाः। इहो सहस्रदक्षिणो यज्ञ इह पूषा निषीदतु। इति मन्त्रेण [८] अथ स्विष्टकृद्धोमः [९] ओम् अग्नये स्विष्टकृतेस्वाहा। इदमग्नये स्विष्टकृते।

एहि मन्त्र सँ (६) एकर बाद किओ बलवान ब्राह्मण वा वर वधू कें उठाय पूव वा उत्तर दिशि शून्य घर में लाल लोम वाला अड़िआ बड़दक चाम पर वैसावथि (७) हे सुन्दरि ? एहि चाम पर अहाँक सङ्ग गाय वैसथु एहि चाम पर अहाँक सङ्ग घोड़ा वैसथु अहि चाम पर अहाँक सङ्ग पुरुष वैसथु एहि चाम पर अहाँक सङ्ग हजार दक्षिणा वाला यज्ञ वैसथु तथा सूर्य्य वैसथु एहि सबहिंक सङ्ग अहाँ वैसू। एहि मन्त्र सँ (ई व्यवहार नहिं अछि एकर स्थान में आमक पात कन्याक पैर तर वर देहिन्ह) (८) एकर बाद स्विष्ट कृत नामक होम करथि (९) हमर कल्याण कैनिहार जे अग्नि छथि हुनका ई घृत दैत छिऐन्हि।

(१) स्रु्व में हवनकशेष जे घृत से प्रोक्षणीपात्र में राखथि (२) ई होम अपना सँ ब्रह्मा पर्य्यन्त कुश द्वारा स्पर्शं राखि तखन करथि (३) तखन आचमन कय प्रोक्षणी पात्र में राखल हुतशेष प्राशन कय आचमन कय ब्रह्माक दक्षिणा करथि (४) आइ कैल जे अछि ई विवाह कर्म्मक अङ्गभूत होम कर्म्म ताहि में कैल बिनु कैल देयावरूप ब्रह्म कर्म्मक प्रतिष्ठाक हेतु प्रजापति देवताक ई पूर्णपात्र अमुक गोत्र अमुक शर्म्मा ब्राह्मण ब्रह्मा अपनें कें हम दक्षिणा दैतछी (५) ब्राह्मण जँ नहिं रहथि तँ उक्त प्रकारें ब्रह्म दक्षिणा करथि (६) ब्रह्मगेंठ खोलि देथि (७) ब्रह्मा जँ ब्राह्मण रहथि

(१) स्रुवावस्थितहुत शेषस्य प्रोक्षणी पात्रे प्रक्षेपः (२) अयञ्च होमो ब्राह्मणान्वारब्धकर्त्तृकः (३) तत आचम्य संस्रवप्राशनं कृत्वाचम्य (४) ओम् अद्य कृतैतद्विवाहाङ्गभूत हाम कर्म्मणि कृता कृता वेक्षणरूप ब्रह्म कर्म्म प्रतिष्ठार्थमिदम्पूर्णपात्रम्प्रजापति दैवतममुक गोत्रायामुकशर्म्मणे ब्राह्मणाय ब्रह्मणे दक्षिणान्तुभ्य महं सम्प्रददे (५) अब्राह्मणपक्षे ओम् अद्य कृतैतद्विवाहाङ्गभूत होम कर्म्मणि कृताकृतावेक्षणरूपब्रह्म कर्म्मप्रतिष्ठार्थमिदम्पूर्णपात्रम्प्रजापति दैवतम्ब्रह्मणे दक्षिणान्नमः इति दक्षिणान्दद्यात् (६) ब्रह्मग्रन्थि विमोकश्च कर्त्तव्यः [७] ब्राह्मण पक्षे ओम् स्वस्तीति प्रतिवचनम् [८] ततोऽग्नि प्रदक्षिणक्रमेण हस्तन्नीत्वा ब्रह्मोत्थापनम् [९] ततः ओम् सुमित्रिया न आप ओषधयः सन्तु [१०] इति *पवित्रं गृहीत्वा प्रणीता जलेन शिरः सम्मृज्य ॥

तँ स्वस्ति ई कथा वाजथि (८) तखन अग्निक प्रदक्षिण क्रमसँ हाथ पकड़ि ब्रह्मा कें उठाय देथि (९) तखन जल हमरा सुन्दर मित्र जकाँ औषध होथि (१०) एहि मन्त्र सँ पैता लय प्रणीतापात्रक जल सँ माथ पर सिक्त करथि ॥

---

* अनन्तर्गर्भिणं साग्रं कौशन्द्विदलमेवच । प्रादेशमात्रस्विज्ञेयम्पवित्रय्यत्र कुत्र चित् । एतदेवहि पिञ्जल्या लक्षणं समुदा हृतम् ॥ संस्रवति पात्रे पततीति संस्रवोहुतशेषस्तस्यप्राशनम् प्रोक्षणीपात्रस्थ हुत शेषस्य प्राशन मित्यर्थः । स्रुवलग्न घृत प्राशनममूलकमेव । प्रोक्षणी पात्र में राखल जे हवनक शेषघृत तकरे नाम संस्रव थिक तकरे प्राशन करथि — स्रुव संलग्न घृतक प्राशन में कोनो प्रमाण नहिं

(१) जे हमर द्वेष करैत छथि वा जनिक हम द्वेष करैत छिऐन्हि हुनका ई जल शत्रु होउन्ह (२) एहिमन्त्रें ईशान कोण में प्रणीतापात्र कें उनटाय देथि (३) तखन अछौला क क्रम सं कुश उठाय घृत लगाय कें बोड़ी बनाय अग्नि में देथि। तकर मन्त्र (४) हे यज्ञभुक्तहार देवता सब ? एहि विवाहरूप यज्ञ कें जानि आन यज्ञक हेतु जाउ। हे देव ? हे चन्द्रमा ? एहि यज्ञ कें वायु में राखू जें हेतु सब यज्ञ वायु में स्थिर रहैत छथि॥ इति (५) तखन ऊठि कें वधूक दहिन हाथ सं स्रुव पकड़ाय घृत फूल फल सं पूर्णाहुति अग्नि में देथि। तकर मन्त्र (६) स्वर्ग लोकक माँथ

v(१) ओम् दुर्म्मित्रियास्तस्मै सन्तु योऽस्मान्द्वेष्टियञ्चवयन्द्विष्मः (२) इत्यैशान्याम्प्रणीतान्युब्जीकरणम् [३] ततः स्तरण-क्रमेण *वर्हिरुत्थाप्य घृतेनाभिघार्य्यं हस्तेनैव जुहुयात्। तत्र मन्त्रः [४] ओम् देवागातुविदोगातुं वित्वागातुमितमनसस्पत इमन्देव यज्ञꣳ स्वाहा वातेऽधाः स्वाहा इति (५) तत उत्थाय बध्वा दक्षिणहस्तेन स्रुवेस्पृष्टे घृतपुःपफलैः पूर्णाहुतिन्दद्यात्*। तत्र मन्त्रः [६] ओमूर्द्धानन्दिवो अरतिम्पृथिव्यावैश्वानरमृत आजातमग्निं। कविꣳ सम्राजमतिथिञ्जनानामासन्नापात्रञ्जनयन्तदेवाः स्वाहा—इति [७] ततः उपविश्य स्रुवेण भस्मानीय दक्षिणानामिकागृहीत भस्मना (८) ओम् त्र्यायुषञ्जमदग्नेः--इति ललाटे ६ ओम् कश्यपस्यत्र्यायुषम् इति ग्रीवायाम् १० ओम् यद्देवेषुत्र्यायुषम् इति दक्षिण बाहुमूले।

ज़कां उच्चस्थान आकाश में सूर्य्यंकरूप सं दीप्यमान, दाहादि सं संसार भरि व्याप्त, सकल संसारक हित यज्ञ सब में हित, यज्ञ में उत्पन्न, अपन भक्त पर दयालु अत्यन्त तेजस्वी, यजमान सबहिंक अभ्यागत, देवता सबहिक मुख जे अग्नि हुनका देवता सब उत्पन्न कैलन्हि ताहि अग्नि कें यज्ञपूर्णक हेतु ई घृत दैत छिऐन्हि एहि मन्त्र सँ (७) तखन वैसिकें स्रुव सँ भस्म बाहार कय दहिन अनामिका सँ भस्म लय (८) जमदग्नि मुनिक वाल्य युवा वृद्ध तीनियों अवस्थाक आयु हमरा हो एहि मन्त्रें कपार में लगावथि (६) कश्यपमुनिक वाल्य युवा वृद्ध तीनियों अवश्थाक आयु हमरा हो—एहि मन्त्रें गर में लगावथि (१०) देवता सबहिक बाल्य युवा वृद्ध तीनियों अवस्थाक आयु हमरा हो एहि मन्त्रें दहिन बाहुंक मूल में लगावथि॥

*वर्हिरिति—कुशः प्रादेश मात्रस्तु दर्भश्तु द्विगुणः स्मृत। हस्त मात्रन्तु वर्हिः स्यात्तदूर्ध्वन्तृण मुच्यते॥ *अथ पूर्णाहुतिन्दद्यात्फल पुःपानुलेपनैः। साक्षतामूर्द्ध्वं कायस्वक्षमपाच्छक दिङ्मुखः॥

(१) ओ तोनियों अवस्थाक आयु हमरा हो पहि मन्त्रें हृदय में लगावथि २) पहि क्रम सँ बधूक कपार इत्यादि में आचारात् भस्म में सिन्दूर मिलाय लगाय देथिन्ह (३) बधूक बेरि (तन्नो) क स्थान में (तत्ते) एतबा विशेष कहथिन्ह (४) तखन आचार सँ शैन शण शङ्ख सुवर्ण दहिन हाथ मेँ लय बधूक माथ में बर सिन्दूर दान करथि (पहिठाम यद्यपि सिन्दूर दानक कोनो मन्त्र नहि अछि तथापि मङ्गलक हेतु (खर्व स्थूलतरम्) इत्यादि गणेशक ध्यान करथि) (५) तखन आनो प्रतिष्ठित स्त्री पुरुष सब बधूक माथ में सिन्दूर देथिन्ह (पहिठाम यद्यपि आशीर्वाद जानि पद्धति में पुरुष पद

(१) ओम् तन्नो अस्तुत्र्यायुषम् इति हृदि वरस्त्र्याऽयायुषङ्कुर्य्यात् (२) अनेनैव क्रमेण वधूललाटादावपि आचारात्सिन्दूरेण सह त्र्यायुषङ्कुर्य्यात् (३) तत्र तन्नो इत्यस्य स्थाने तत्ते-इति विशेषः (४) तत आचारात् शमी शण शङ्ख सुवर्ण प्रेरितम्बधू शिरसि वरकर्त्तृकं सिन्दूर करणम् (५) ततोऽन्यैरपि प्रतिष्ठित स्त्रीपुंसैः सिन्दूरकरणम् [६] ग्राम्यवचनञ्चवरः कुर्य्यात् ग्राम्याः स्त्रियः [७] अथ वेदितो मण्डपमागत्य दूर्वाक्षतादिग्रहणम् [८] ततस्त्रिरात्रमक्षारलवणाशिनावधः शायिनौ निवृत्तमैथुनौचवधूवरौ भवतः [९] दक्षिणा- कुशत्रयतिलजलान्यादाय ओम् अद्य कृतैतद्विवाह कर्म्म प्रतिष्ठार्थमेतावद्द्रव्यमूल्यक हिरण्यमग्निदैवतय्यँथा-नामगोत्रायब्राह्मणाय

उल्लेख अछि किन्तु केवल सुवासिनी (सधवा) सब सिन्दूर देथिन्ह (६) ग्रामीण स्त्री वर्गक प्रति ग्राम्यवचन (उहकन) वर करथि (७) एकर बाद वेदी सँ मण्डप में आवि दूर्वाक्षत दिआवथि (८) तखन तीनि राति नोन नहि खाथि भूमि में सूतथि मैथुन नहिं करथि पहि नियम सँ बधूवर रहथि (९) कर्म्म दक्षिणा वर करथि कुश तिल जल लय आइ ई जे विवाह कर्म्म कैल अछि तकर प्रतिष्ठाक हेतु एतवा द्रव्य मूल्यक [द्रव्य हाथ में नहि रहे तँ (यद्दीयमान मूल्यक पद कहवाक चाही) अग्नि देवताक सुवर्ण जे नाम जे गोत्र ब्राह्मण कें दक्षिणा हम दैत छिपैन्हि ॥

(१) एहि प्रकारें वर कर्म्म दक्षिणा देथिन्ह ॥ * ॥ * ॥ इति भसदं अड़ ग्रामावस्थितेन सोदरपुर वंशोद्भवेन पण्डित श्रीमदचम्भित मिश्रात्मजेन व्याकरणतीर्थेन पण्डित श्रीवल्लभद्र मिश्रेण कृता बा० विवाह पद्धति मिथिला भाषाटीका समाप्ता ॥ * ॥ * ॥ अथ चतुर्थी ॥ (२) तखन चारिम दिनक शेष राति में चतुर्थी कर्म्म करथि—चतुर्थी कर्म्म घरक भीतरहिं करथि तेल उटकन लगाय युग-काष्ठ (पाळो) पर वैशि स्नान कय पवित्र वस्त्र पहिरि घर जाय पूव मूहें कन्या वर वैसथि (३) तखन (कुशण्डिका कुश ओछाचथि (४) तकर क्रम कुश सँ एक हाथ नापल सरि भूमि कें बाढ़ि ताहि कुश कें ईशान कोण में त्याग कय गोवर जल सँ नोपि स्रुवक मूल सँ वा स्फ्य (एक हाथ नापल खड्गाकृति खैरक बनाओल शलाका) सँ उत्तर उत्तर क्रमें प्रादेशमात्र तीनि रेखा कय रेखाक

दक्षिणामहन्ददे (१) इति वरः कर्म्म दक्षिणान्दद्यात् ॥ ❀ ॥ ❀ ॥ इति महामत्त सठक्कुर श्रीरामदत्त विरचिता बाजसनेयिनाम्बि-बाहपद्धतिः समाप्ता ॥ ❀ ॥ ❀ ॥

(२) ततश्चतुर्थ्यामपररात्रे चतुर्थी कर्म्म तच्च गृहाभ्यन्तर एव कार्य्यम् तैलोद्वर्त्तनादि कृत्वा युगकाष्ठे उपविश्य स्नात्वा शुचिवस्त्रम्परिधाय गृहम्प्रविश्य प्राङ्मुखौ बधूवरावुपविशतः (३) ततः कुशण्डिकारम्भः (४) तत्र क्रमः कुशैर्हस्तमात्र चतुरस्राम्भूमिम्परिसमुह्य तान् कुशानैशान्याम्परित्यज्य ❀गोमयोदकेनोपलिप्य स्रुवमूलेन स्फ्येन वो त्तरोत्तरक्रमेण प्रादेशमात्रन्ति रुल्लिख्योल्लेखनक्रमेणानामि-काङ्गुष्ठाभ्याम्मृदमुद्धृत्य जलेनाभ्युक्ष्य [५] + कांस्यपात्रेणाग्निमादाय प्रत्यङ्मुखन्निदध्यात् [६] ततः पुष्पचन्दनताम्बूलवस्त्रा

क्रम सँ अनामिका तथा आँङुठ सँ माँटि फेकि जल सँ सिक्त कय (५) काँसाक पात्र द्वारा आगि लयपश्चिम मूहें राखथि (६ तखन फूल चानन पान वस्त्र लय ब्रह्माक वरण करथि

---

* गोमय इति। अमेध्य सेविनी वन्ध्यां प्रसूतानाञ्च गोमयम्। जीर्णायाश्चोपलेपार्थन्नाहर्त्तव्यं कदाचन। इन्द्रेण वज्राभिहतःपुरावृत्रो महासुरः। मेदसा तस्य संक्लिन्नातदर्थं मुपलिप्यते ॥

+ कपालैर्भिन्नपात्रैर्वा आयसैः गोमयेनच। नाग्निप्रणयनं कार्य्यं यजमानभयावहम्। त्वरयापुनरानीतो यजमानभयावहम्। तस्मात्शुभेन पात्रेण अविच्छिन्नाकृशम्बहु। अग्निप्रणयनं कार्य्यं यजमान सुखावहम् ॥ अग्निस्वरूपम्—सर्वतः पाणिपादश्च सर्वतोऽक्षि शिरोमुखः। विश्वरूपोमहानग्निः प्रणीतः सर्व कर्म्मसु ॥

(१) आइ राति में करवाक जे अछि चतुर्थीक होम कर्म्म ताहि में कैल बिनु कैल देखब रूप ब्रह्माक कार्म करवाक हेतु अमुक गोत अमुक नामक ब्रह्मा अपनें कें एहि फूल चानन वस्त्र स ब्रह्माक हेतु हम वरण करैत छी। एहि प्रकारें ब्रह्माक वरण करथि (२) हम वृत्त छी ई ब्रह्मा वाजथि (३) तखन जे विहित कर्म्म हो से अपनें करू। ई वर वाजथि (४) हम करब ई कथा ब्रह्माक बजलाक बाद (५) अग्नि सँ दक्षिण दिशि शुद्ध आसन दय ताहि पर पूव अग्र कें कुश ओछाय अग्नि कें प्रदक्षिण कराय (६) एहि चतुर्थी कर्म्म में अपनें हमर ब्रह्मा होउ ई वाजि (७) हम

एयादाय (१) ओम् अस्यां रात्रौ कर्त्तव्य चतुर्थी होम कर्म्मणि कृताकृतावेक्षणरुपब्रह्मकर्म्मकर्त्तु ममुकगोत्रममुक शर्म्माणम्ब्राह्मणमेभिःपुः पचन्दनताम्बूलवासोभिर्ब्रह्मत्वेनत्वामहम्वृणे। इतिब्रह्माणम्वृणुयात् (२) ओम् वृतोऽस्मीतिप्रतिवचनम् (३) ततः ओम् यथाविहितं कर्म्म कुरु। इति वरेणोक्ते (४) ओम् करवाणि। इतिब्रह्मप्रतिवचनानन्तरम् (५) वन्हेर्द*क्षिणतः शुद्धमासनन्दत्वा तदुपरि प्रागग्रान् कुशानास्तीर्य्याग्निप्रदक्षिणं कारयित्वा (६) ओम् अस्मिन् कर्म्मणित्वम्मे ब्रह्माभव इत्यभिधाय [७] ओम् भवानीतितेनोक्ते कल्पिताशने ब्रह्माणमुदङ्मुखमुपवेशयेत् [८] +अब्राह्मणपक्षे—ओम् अस्यांरात्रौ कर्त्तव्य चतुर्थी होम कर्म्मणि कृताकृतावेक्षणरूपब्रह्मकर्म्मकर्त्तु मस्मिन् कर्म्मणि त्वम्मेब्रह्मा

होएब ई कथा ब्रह्मा वाजथि तखन राखल आसन पर उत्तर मूहें ब्रह्मा कें वैसावथि (८) ब्रह्मा जँ नहिं रहथि तँ कुशक ब्रह्मा वनाय आइ राति में करवाक जे अछि चतुर्थी होम कर्म्म ताहि में कैल बिना कैल देखब रूप ब्रह्माक कर्म्म करवाक हेतु एहि कर्म्म में अपनें हमर ब्रह्मा होउ ॥

*दक्षिणान्दिशमश्रित्ययमो मृत्युश्चतिष्ठतः। तयोः संरक्षणार्थाय तस्माद्ब्रह्मा वहिर्वसेत्॥ +पञ्चाशता भवेद्ब्रह्मातदर्द्धेनतुविष्टरः। ऊर्ध्वकेशोभवेद्ब्रह्मा अधः केशस्तु विष्टरः। दक्षावर्त्तोभवेद्ब्रह्मा वामावर्त्तस्तु विष्टरः। केचित्तु यज्ञवास्तुनि मुष्ट्याश्चस्तम्बेदर्भवटौतथा। कुश संख्या न विहिता विष्टरास्तरणेष्वपि। इति—कात्यायनः। कुशाभावे त्रिभिरपि कुशैः कार्य्यः

(१) ई कथा वाज़ि कुशक वनाओल ब्रह्मा कें वैसावथि। वरण प्रति बचन इत्यादि नहिं करथि (२) तखन जल भरल माँटिक थैल अग्नि सँ उत्तर दिशि राखि—प्रणीता पात्र आगाँ में राखि ज़ल सँ पूर्ण कय कुश सँ झाँपि ब्रह्माक मुँह देखि अग्नि सँ उत्तर कुश पर राखथि (३) तखन कुश ओछावथि। सोलह कुश लय अग्नि कोण सँ ईशान कोण पर्य्यन्त सात कुश—ब्रह्मा सँ अग्नि पर्य्यन्त एक कुश नैऋति कोण सं वायव्य कोण पर्य्यन्त सात कुश अग्नि सं प्रणीता पर्य्यन्त एक कुश (४) तखन अग्नि सं उत्तर पश्चिम दिशि पैता कटवाक हेतु तीनि कुश.—पैता बनैवाक हेतु अग्रसहित अन्तरगर्भ होन दूइ टा कुशपत्र प्रोक्षणीपात्र आज्यस्थाली सम्मर्जन कुश (६) वेणीरूप उपयमन कुश तीनिटा आमक काठी स्त्रुव घृत (२५६) दूइ शय छप्पन मुट्ठी आरव चाउर सं भरल

भव (१) इत्यभिधाय दर्भवटुमुपवेशयेत्। वरण प्रति बचनादीनिवर्ज्ज्यानि (२) ततः पृथूदपात्रमग्ने रुत्तरतः प्रतिष्ठाप्य प्रणीता पात्रम्पुरतः कृत्वा वारिणापरिपूर्य्य कुशैराच्छाद्य ब्रह्मणोमुखमवलोक्याग्ने रुत्तरतः कुशोपरि निदध्यात्॥ (३) ततः परिस्तरणम् वर्हिष-श्चतुर्थभागमादायाग्नेया दीशानान्तम्ब्रह्मणोऽग्निपर्य्यन्तं नैऋताद्वायव्यान्तं-अग्नितः प्रणीता पर्य्यन्तम् (४) ततोऽग्ने रुत्तरतः पश्चिम दिशि पवित्र छेदनार्थं कुशत्रयं—पवित्रकरणार्थं साग्रमनन्तर्गर्भिकुशपत्रद्वयम् प्रोक्षणीपात्रं आज्यस्थाली सम्मार्जन कुशाः (५) वेणीरूपोपयमन कुशाः *समिधस्तिस्त्रः स्त्रुवः आज्यं षट्पञ्चाशदुत्तरमुष्टिशत द्वयावच्छिन्नामतण्डुलपूर्णपात्रम् चर्वर्थमामतण्डुलाः एतानि पवित्रछेदन कुशानाम्पूर्वपूर्वदिशिक्रमेणासादनीयानि [६] ततः

पूर्ण पात्र चरुक हेतु आरव चाउर ई सब पैता कटवाक कुश सँ पूव पूव दिशि क्रमहिं सं राखथि (७) तखन

समित्स्वरूपं चिन्तामणौ। समिधांलक्षणम्वक्ष्ये संख्या मासान्तथैवच। विशीर्णा विदला ह्रस्वा वक्रा स सुखिरा कृशा। अतिस्तूलातिदीर्घाच समित्काव्य विनाशिनी। विशीर्णायुःक्षयं कुर्य्यात् द्विदला पुत्र नाशिनी। प्रादेशान्नाधिका नोना समिरस्यात्सर्वकर्म्मणि। ह्रस्वामृत्युकरी रौद्री दुर्भगत्वश्चवक्रया। विघ्नानिकुरुतेस्थूला कृशार्चारिपुवर्द्धिनी। द्विधानाशयतेह्यर्थं भार्य्याश्चप्रियबान्धवान्। कीटदष्टाति भयदादीर्घांचैवसुतान् हरेत्। तस्मात्सर्वप्रयत्नेन वर्ज्जनीयाश्चवर्जयेत्। प्रागग्रासमिधादेयाः पुष्ट्यर्थञ्च विजानता। शान्त्यर्थे बुसशल्कार्द्रा विपरीता जिघांसता। दीर्घास्थूलाघुणै-र्य्युष्टा कर्म्मसिद्धि विनाशकाः। अश्वत्थौदुम्बरौविल्वश्चन्दनं सरलस्तथा। शालश्चदेवदारुश्च खादिरश्चेतियाज्ञिकाः। नाङ्गुष्ठादधिकाग्राह्या समित्स्थूलतमाक्वचित्। न विमुक्तत्वचाग्राह्यानसकीटा नपाटिता। प्रादेशान्नाधिका नोना नतथास्याद्विशाखिका। न सपर्णा न निर्वीर्य्या होमेषुच विजानता॥ विशाखिका विविधशाखायुक्ता। निर्वीर्य्या निःसारा। सशल्काः सत्वचः॥

(१) पैता काटेक कुश सँ अपन प्रादेश नापल पैता काटि प्रणीता पातक जल तीनि बेरि पैता हाथमें लय प्रोक्षणी पातमें दय दुनू अनामिका ओ आंगुठ सँ उत्तर अग्रके पैता पकड़ि तीनि बेरि उत्पवन (माथपर छिटथि) (२) तखन प्रोक्षणी पात बाम हाथ में लय दहिन हाथक अनामिका ओ आंगुठ सँ पैता पकड़ि प्रोक्षणी पातक जल तीनि बेरि माथपर छिटथि प्रणीता पातक जल सँ प्रोक्षणी पात कें सिक्त करथि, प्रोक्षणीपातक जल सं राखल वस्तु सिक्त करथि (३) तखन अग्नि सं उत्तर दिशि प्रणीतापात सं दक्षिण दिशि प्रोक्षणीपात राखथि (४) एकर बाद आज्यस्थाली में घृत राखथि। प्रणीतापातक जल किञ्चित् चरुमें दय प्रणीतापातक जल सं अक्षत कें तीनि बेरि धुआय चरु में देथि (५) वर अपनें चरु लेथि ब्रह्मा घृत लेथि अग्नि में उत्तर दिशि सं चरु तथा दक्षिण

(१) पवित्र छेदन कुशैः स्वप्रादेशमितपवित्रे छित्वा प्रणीतोदकन्त्रिः प्रोक्षणीपात्रे सपवित्रे करेण निधाय द्वाभ्यामनामिकाङ्गुष्ठाभ्यामुत्तराग्रे पवित्रे गृहीत्वा त्रिरुत्पवनम् (२) ततः प्रोक्षणीपात्रम्वामहस्तेनादायानामिकाङ्गुष्ठाभ्याम्पवित्रे गृहीत्वा त्रिरुदिङ्गनम् प्रणीतोदकेन प्रोक्षणीप्रोक्षणम्प्रोक्षणी जलेनासादितवस्तुसेचनम् (३) ततोऽग्नेरुत्तरतः प्रणीता दक्षिण दिशि प्रोक्षणीपात्रन्निदध्यात् [४] अथाज्यस्थाल्यामाज्यनिर्वापः। प्रणीता जलंकिञ्चिच्चरौदत्वा प्रणीताजलेन तण्डुलान्त्रिः प्रक्षाल्यचरौक्षिपेत् (५) स्वयञ्चरुं गृहीत्वा ब्रह्मणा चाज्यमग्नेरुत्तरतश्चरुदक्षिणत आज्यन्निदध्यात् [६] ततो ज्वलत्तृणमादाय हविर्द्वयोपरि प्रदक्षिणम्भ्रामयित्वाग्नौतत्प्रक्षेपः [७] श्रृतेचरौवारत्रयं स्रुवप्रतपनम्। [८] सम्मार्जनकुशानामग्रैरन्तरतो मूलैर्बाह्यतः स्रुवंसम्मृज्यप्रणीतोदकेनाभ्युक्ष्य पुनस्त्रिः प्रतप्य स्वदक्षिणतः कुशोपरिनिदध्यात्

दिशि सं घृत राखथि (६) तखन प्रज्वलित काठी लय दोनों हवि पर प्रदक्षिण क्रम सं भ्रमण कराय अग्नि में ताहि काठी कें दय देथि (७) चरु सिद्ध भेला सं तीनि बेरि स्रुवकें अग्नि में सेदथि (८) बाढ़ेक कुशक अग्र सँ अन्तर एवं मूल सँ बाहार स्रुवकें झाड़ि प्रणीतापातक जल सँ सिक्त कय फेरु तीनि बेरि सेदि कें अपना सं दक्षिण दिशि कुश पर राखथि

स्रुवधारणं। सच चतुराङ्गुलस्त्यक्त्वाशंखमुद्रयाधार्यः। मत्स्यपुराणम्। मूले हानिकरम्प्रोक्तम्मध्ये शोक करन्तथा। अग्रे व्याधिकरम्प्रोक्तं श्रुवन्धारयते कथम्। कनिष्ठांगुलिमानेन चतुर्विंशतिकाङ्गुलिम्। चतुरङ्गुलम्परित्यज्य अग्रे चैवद्विरष्टकम्। चतुरङ्गुलेच तन्मध्येधारयेच्छङ्खमुद्रया। हीयते यजमानो वै श्रुवमूलस्य दर्शनात्। तस्मात् सङ्गोपयेन्मूलं होम काले श्रुवस्यतु। श्रुवस्वरूपं चादिदोषाथ पार्णोवाद्विवितस्ति स्रुवः स्मृतः। स्रुग्वाहुमात्रो विज्ञेयाव्रृत्तस्तु प्रग्रहस्तयोः। पार्णः पालाशः॥

(१) तखन घृत अग्नि में चरुक पूर्वदिशि सँ आनि आगाँ में राखि, तथा पश्चिम दिशि सँ चरु आनि घृतक उत्तर दिशि राखथि (२) तखन तीनि बेरि प्रोक्षणीपात्र जकाँ घृतक उत्पवन करथि (माँथपर छिटथि) देखि कें जँ कोनो अधलाह वस्तु रहैक तँ से बाहार कय देथिन्ह (३) तखन पहिनहिं जकाँ प्रोक्षणीपात्रक उत्पवन करथि (४) तखन उपयमन (वेणी) कुश बाँम हाथ कें लेथि प्रजापति कें मन सँ ध्यान कय ठाढ़भय घृत लागल काठी विना मन्त्रहिं अग्नि में देथि (५) बैसिकें पैता हाथ में लय प्रोक्षणीपात्रक जल सँ अग्नि कें सिक्त कय प्रणीतापात्र में पैता राखि ब्रह्मापर्य्यन्त एक कुश राखथि (६) दहिन जाँघ खसाय खूब धधकल अग्नि में होम करथि (७) ताहि ठाम आघार सँ आरम्भकय चारि आहुतिपर्य्यन्त हवनक शेष घृत प्रोक्षणीपात्र में राखथि (८) हम प्रजापतिक निमित्त हवन दैत छिएन्हि तें हेतु ई घृत प्रजापति कें प्राप्ति होउन्ह। ई मनसा नामक होम भेल (९) इन्द्रप्रसन्न होथि तें हेतु ई घृत इन्द्र कें प्राप्ति होउन्ह ई आघार नामक

(१) तत आज्यमग्नितश्चरोः पूर्वक्रमेणानीयाग्रे धृत्वा पश्चिमेन चरुमानीयाज्यस्योत्तरतो निदध्यात् (२) ततो वारत्रयम्प्रोक्षणी-वदाज्यस्योत्पवनमवेक्ष्य सत्यपद्रव्ये तन्निरसनम् (३) ततः पूर्ववत्प्रोक्षण्युत्पवनम् (४) तत उपयमन कुशान् वामहस्तेनादाय प्रजापतिम्मनसाध्यात्वा उत्तिष्ठन् घृताक्तास्समिधस्तूष्णीमग्नौक्षिपेत् (५) तत उपविश्य सपवित्रप्रोक्षण्युदकेनाग्निम्पर्य्युक्ष्यप्रणीतापात्रे पवित्रे धृत्वा ब्राह्मणान्वारब्धः [६] पातितदक्षिणजानुः समिद्धतमेऽग्नौ स्रुवेणाज्याहुतिर्जुहुयात् (७) तत्राघारादारभ्याहुति-चतुष्टये हुतशेषस्य प्रोक्षणीपात्रे प्रक्षेपः [८] ओम् प्रजापतये स्वाहा-इदम्प्रजापतये-इति मनसा [९] ओम् इन्द्रायस्वाहा-इदमिन्द्राय इत्याघारौ (१०) ओम् अग्नये स्वाहा इदमग्नये (११) ओम् सोमाय स्वाहा-इदं सोमाय-इत्याज्य भागौ (१२) तत आज्याहुतिपञ्चतये स्थालीपाकाहुतौच

होम भेल (१०) अग्नि प्रसन्न होथि तें हेतु ई घृत अग्नि कें प्राप्ति होउन्ह (११) चन्द्रमा प्रसन्न होथि तें ई घृत चन्द्रमा के प्राप्ति होउन्ह-ई दूनू आज्य भाग भेल (१२) तखन पाँचबेरि घृतक आहुति ओ स्थालीपाकक आहुति केर शेष—

समिद्धतमेऽग्नौजुहुयात् इति। क्रोधादिना होमो न कार्य्यः साम्बपुराणे। क्षुत्त ड्क्रोधत्वरायुक्तो हीन मन्त्रैर्जुहोतियः। अप्रवृद्धे सधूमेऽग्नौसोऽन्धः स्यादन्यजन्मनि। अल्पे रुक्षे सस्फुलिङ्गे वामावर्त्ते भयानकें। आर्द्रकाष्ठैरसम्पूर्णे फूत्कार वतिपावके। कृष्णार्चिषिसुदुर्गन्धेतथालिहत मेदोनीम्। आहुतीर्ज्जूहुयाद्यस्तु तस्य नाशो भवेद्ध्रुवम्। योऽनर्चिषिजुहोत्यग्नौव्यङ्गारिणिच मानवः। मन्दाग्निवानज्ञावी च दरिद्रश्चाभिजायते। तस्मात्समिद्धे होतव्यन्नासमिद्धे कथञ्चन। आरोग्यमिच्छतायुश्च श्रियमात्यन्तिकीतथा। बर्हिध्मानन्तु मुखेनैव। नकुर्य्यादग्निधमनं पाणिना व्यजनेन वा। मुखेनैव धमेदग्निं मुखादेषोऽध्यजायत इति॥ कात्यानः॥

(१) पहिनहिं सँ राखल माटिक कलशमें ताहि ताहि आहुति क बाद स्रुव मे राखल हवनक शेष घृत कें प्रोक्षणीपात्र में राखथि—पाँच आहुति पर्य्यन्त अन्वारम्भ नहिं राखथि (२) हे सब पाप नाश कैनिहार अग्नि ? अपनें इन्द्र आदि देवता सबहिंक पाप नाश कैनिहार थिकहुं ते हेतु यज्ञ कैनिहार ब्राह्मण हम विवाहरूप यज्ञक हेतु अपनेक शरण में आएल छी एहि स्त्री कें स्वामी मारवाक जे लक्षण देह में छन्हि से अपनें नाश करिऔन्हि तें हेतु ई घृत अपनें कें दैत छी (३) हे वायु ? अपनें देवता सबहिंक पाप नाश कैनिहार थिकहुं तें हेतु यज्ञ कैनिहार ब्राह्मण हम विवाहरूप यज्ञक हेतु अपन क शरणमें आएल छी एहि स्त्री कें निपुत्रक जे लक्षण देह में छन्हि से अपनें नाश करिऔन ते हेतु ई घृत अपनेंकें दैत छो (४) हे सब दोष नाश कैनिहार सूर्य्य अपनें देवता सबहिंक

[१] पूर्वोपकल्पित पृथूदपात्रे तत्तदाहूत्यनन्तरं स्रुवावस्थित हुतशेषस्य घृतस्य प्रोक्षणीपात्रे प्रक्षेपः आहुतिपञ्चतये नान्वारब्धः (२) ओम् अग्ने प्रायश्चित्ते त्वन्देवानाम्प्रायश्चित्तिरसि ब्राह्मणस्त्वानाथकाम उपधावामियाऽस्यैपतिघ्नीस्तनूस्तामस्यैनाशयस्वाहा-इदमग्नये [३] ओम् वायोप्रायश्चित्ते त्वन्देवानाम्प्रायश्चित्तिरसि ब्राह्मणस्त्वानाथकाम उपधावामियाऽस्यै प्रजाघ्नीस्तनूस्तामस्यै नाशय स्वाहा इदम्वायवे (४) ओम् सूर्य्यप्रायश्चित्तेत्वन्देवानाम्प्रायश्चित्तिरसि ब्राह्मणस्त्वानाथ काम उपधावामियाऽस्यै पशुघ्नीस्तनूस्तामस्यै नाशयस्वाहा—इदं सूर्य्याय [५] ओम् चन्द्रप्रायश्चित्तेत्वन्देवानाम्प्रायश्चित्तिरसिब्राह्मणस्त्वानाथ कामउपधावामियाऽस्यैगृहघ्नीस्तनूस्तामस्यैनाशय स्वाहा—इदञ्चन्द्रमसे (६) ओम् गन्धर्वप्रायश्चित्तेत्वन्देवानाम्प्रायश्चित्तिरसिब्राह्मणस्त्वानाथकाम उपधावामि

दोष नाश कैनिहार थिकहुं तें हेतु यज्ञ कैनिहार ब्राह्मण हम विवाहरूप यज्ञक हेतु अपनेंक शरण में आएल छी एहि स्त्रीकें पशु मारवाक जे लक्षण देह में छैन्हि से अपनें नाश करिऔन्हि तें हेतु ई घृत अपनें कें दैत छी (५) हे सब दोष नाश कैनिहार चन्द्रमा—अपनें देवता सबहिंक दोष नाश कैनिहार थिकहुं तें हेतु यज्ञ कैनिहार ब्राह्मण हम विवाह रूप यज्ञक हेतु अपनेंक शरण में आएलछी एहि स्त्रीं कें घर नाश करवाक जे लक्षण देह में छन्हि से अपनें नाश करिऔन्हि तें हेतु ई घृत अपनें कें दैत छी (६) हे सब दोष नाश कैनिहार गन्धर्व ? अपनें देवता सबहिंक दोष नाश कैनिहार थिकहं तें हेतु यज्ञ कैनिहार ब्राह्मण हम बिबाहरूप यज्ञक हेतु अपनेंक शरण में आएल छी।

(१) एहि स्त्रीके यश नाश करवाक जे लक्षण देह में रहन्हि से अपने नाश करिऔन्हि तें हेतु ई घृत अपने कें दैत छी (२) तखन स्थालीपाक सँ हवन करथि (३) प्रजापति हमरा कल्याण करथु तें हेतु ई घृत प्रजापति कें दैत छिऐन्हि। ई मनसा नामक होम भेल (४) अग्रिम नवो आहुति पर्य्यन्त ताहि ताहि आहुतिक बाद स्रुव में राखल हवनक शेष घृत कें प्रोक्षणीपात्र मे प्रक्षेप करथि (५) ताहि ठाम ब्रह्मा सँ अन्वारम्भ कय घृत तथा स्थालीपाक सँ स्विष्टकृत होम करथि (६) अग्नि हमर मनोरथसिद्ध करथि तें हेतु मनोरथ सिद्ध कैनिहार अग्नि कें ई आहुति दैत छिऐन्हि (७) तखन घृत सँ होम करथि। पृथ्वी हमर दूनू व्यक्तिक कल्याण करथु तें हेतु ई आहुति पृथ्वी कें दैत छिऐन्हि। स्वर्ग दूनू व्यक्तिक कल्याण करथु तें हेतु ई आहुतिस्वर्ग कें दैत छिऐन्हि। आकाश दूनू व्यक्तिक कल्याण करथु तें हेतु ई आहुति आकाश के दैत छिऐन्हि। ई सब महाव्याहृति होम भेल (८) हे अग्नि? अपने हमर कर्म्मक साक्षी थिकहु सब जानैतहुँछी तें हेतु एहि कर्म्म में न्यूनाधिक दोष सँ जे राजावरुण कें हमर प्रति क्रोध भेल छैन्हि ताहि क्रोध के अपने शान्ति करिऐन्हि तथा सब संसारमय ओ यज्ञ मे श्रेष्ठ तथा हवन लेवा में श्रेष्ठ अति से तेज़स्वी अपने हमर दुर्भाग्यक से हो नाश करु तें हेतु ई आहुति अपने कें ओ वरुण कें दैत छी (९) हे अग्नि? सततपालन करवा में सावधान तथा शूर जे अपने से एहिठाम आबि एहि काल में हमर रक्षा करु तथा राज़ा वरुण कें प्रसन्न करु हमर आहुति ग्रहण करु हवि भोजन करु तें हेतु ई आहुति अपने कें तथा राजा वरुण कें दैत छी।

(१) याऽस्यैयशोघ्नीस्तनूस्तामस्यैनाशयस्वाहा-इदं गन्धर्वाय (२) ततः स्थालीपाकेनजुहोति (३) ओम् प्रजापतये स्वाहा-इदम्प्रजापतये-इतिमनसा (४) अग्रिमाहुतिनवकेतत्तदाहुत्यनन्तरं स्रुवावस्थित हुतशेषस्यघृतस्य प्रोक्षणीपात्रे प्रक्षेपः (५) तत्र ब्रह्मणान्वारब्धेनाज्यस्थालीपाकाभ्यां स्विष्टकृद्धोमः (६) ओम् अग्नये स्विष्टकृतेस्वाहा इदमग्नये स्विष्टकृते (७) तत आज्येन। ओम् भूः स्वाहा-इदम्भूः। ओम् भुवःस्वाहा-इदम्भुवः। ओम स्वःस्वाहा इदं स्वः। एतामहाव्याहृतयः [८] ओम् त्वन्नोऽग्ने वरुणस्यविद्वान्देवस्य हेड़ो अवयासिसीष्ठा। यजिष्ठो वन्हितमः शोशुचानो विश्वाद्वेषाꣳसि प्रमुमुग्ध्यस्मत्स्वाहा—इदमग्नी वरुणाभ्याम् [९] ओम् सत्वन्नोऽग्ने ऽवमोभवोतीनेदिष्ठो अस्याउषसोव्युष्टौ। अवयक्ष्वनोवरुणꣳरराणोवीहिमृड़ोꣳसुहवोन एधि स्वाहा इदमग्नीवरुणाभ्याम् ॥

आज्यस्थाली तैजसीमृन्मयी वा द्वादशाङ्गुल वितता प्रादेशोच्चाकार्य्या। आज्यस्थालीतु कर्त्तव्या तैजसद्रव्यसम्भवा। माहेयीवापि कर्त्तव्या नित्यं सर्वाग्नि कर्म्मसु। इति कात्यायनः॥ चरुस्थाली। तिर्य्यगूर्ध्वं समिन्मात्री दृढ़ानातिवृहन्मुखी। मृन्मय्यौदुम्बरी वापि चरुस्थाली प्रकीर्त्तिता। समिन्मात्रीद्वादशाङ्गुल प्रमाणा औदुम्बरीताम्रमयी। इति कात्यायनः

(१) हे अग्नि ? जे व्यक्ति अपनें सँ रक्षाक प्रार्थना नहिं करैत छथि हुनको अपनें रक्षा करैत छी तथा सब प्राणोक शुभ कैनिहार थिकहुं तें हेतु अपनें आउ आविकें हमर आहुति ग्रहण करू तथा देवता सब कें ई आहुति प्राप्ति कराउ अपनें सत्यकें जननिहार थिकहुं संसार सँ उद्धार होवाक उपाय जानैत छो हमरो सब वस्तु औषध हो तें हेतु ई आहुति अपनें कें दैत छी (२) हे वरुण ? अपनेक जे यज्ञ सँ उत्पन्न भेल सब लोक में व्याप्त बहुत पैघ पाश अछि ताहि पाश सँ आइ सूर्य्य तथा विष्णु विश्वेदेव ओ वायु ओ बारहो आदित्य ई सब एहि यज्ञ में जे कोनों प्रमाद सँ त्रुटि भेल हो तकरा एहि आहुंति सँ सन्तुष्टभय हमर रक्षा करथु तें हेतु ई आहुति वरुण सूर्य्य विष्णु विश्वेदेव वायु तथा बारहो आदित्य कें दैत छिऐन्हि (३) हे बरुण ? अपनेंक जे उत्तम मध्यम अधम पाश

(१) ओम् अयाश्चाग्नेऽस्यनभिशस्तिपाश्चसत्वमित्वमयाअसि । अयानोयज्ञम्वहास्ययानोधेहिभेषजॅं स्वाहा-इदमग्नये (२) ओम् येतेशतम्वरुणये सहस्रय्यँज्ञियाःपाशावितताममहान्तस्तेभिर्नो अद्य सवितोतविष्णु र्विश्वेमुञ्चन्तुमरुतःस्वर्क्काःस्वाहा । इदम्वरुणाय सवित्रे विष्णवे विश्वेभ्योदेवेभ्योमरुद्भ्यः स्वर्क्केभ्यः (३) ओम् उदुत्तमम्वरुणपाशमस्मदवाधमं विमध्यमॅं श्रथाय अथावय मादित्यव्रते तवानागसोअदितये स्याम स्वाहा-इदम्वरुणाय [४] इतिसर्वप्रायश्चित्तम् [५] ओम् प्रजापतये स्वाहा इदम्प्रजापतये इति मनसा । इति प्राजापत्यम् [६] ततः संस्रवप्राशनम् । तत आचम्य [७] ओम् अस्यांराचौकृतैतच्चतुर्थीहोमकर्म्मणि कृताकृतावेक्षणरूप ब्रह्मकर्म्म प्रतिष्ठार्थमिदम्पूर्णपात्रम्प्रजापति दैवतममुकगोत्रायामुकशर्म्मणे ब्राह्मणाय ब्रह्मणे दक्षिणान्तुभ्यमहंसम्प्रददे ८ ओम् स्वस्तीतिप्रतिबचनम् ६ ततोऽग्निप्रदक्षिणक्रमेणहस्त ग्रीत्वा ब्रह्मोत्थापनम्

अछि ताहि सँ हमरा छोड़ाउ ज़ाहि सँ हम अनपराधीभय अपनेंक पूजा करवा में दीन नहिं होइ से करु तें हेतु ई आहुति अपनें कें दैत छी (४) : सकल प्रायश्चित्त होम भेल (५) प्रजापति सन्तुष्ट होथि तें ई आहुति प्रजापति कें दैत छिऐन्हि—ई मनसा नामक होम भेल (६) तखन प्रोक्षणी पात्र में राखल हवनक शेष घृत प्राशन करथि। तखन आचमन कय (७) आइ राति में कैल जे अछि —चतुर्थी कर्म्म ताहि में कैल बिनु कैल देखब रूप कर्म्मक प्रतिष्ठा (संस्कार) क हेतु प्रजापति देवताक ई पूर्णापात्र अमुकगोत्र अमुक नामक ब्राह्मण ब्रह्मा अपनें कें दक्षिणा हम दैत छी (८) हम लेल ई कथा ब्रह्मा बाजाथि (९) तखन अग्निक प्रदक्षिण क क्रम सं हाथ पकड़ि ब्रह्मा कें उठावथि॥

(१) ब्राह्मण ब्रह्मा जँ नहि रहथि तखन ॥ आइ राति में ई जे चतुर्थी कर्म्म कैल अछि ताहि में कैल विना कैल देखब रूप ब्रह्माक कर्म्मक संस्कार क हेतु प्रजापति देवताक ई पूर्णपात्र ब्रह्मा कें दक्षिणा दय प्रणाम करैत छी (२) ब्रह्मागेंठ खोलि देथिन्ह (३) तखन जल हमरा सुन्दर मित्र जकाँ औषध होथि (४) एहि मन्त्रें दूनू पैता सँ जल माँथपर छिटथि (५) जे हमर द्वेष करैत छथि वा जनिक हम द्वेष करैत छिएन्हि हुनका ई जल शत्रु होथिन्ह (६) एहि मन्त्रें प्रणीता पात्र कें ईशान कोण में उनटाय देथि (७) तखन ओछैवाक क्रम सँ कुश सब लय चीड़ी बनाय घृत

(१) अब्राह्मणपक्षे ओम् अस्यांरात्रौकृतैत चतुर्थी होम कर्म्मणि कृताकृतावेक्षणरूपब्रह्मकर्म्मप्रतिष्ठार्थमिदम्पूर्णपात्रम्प्रजापतिदैवतम्ब्रह्मणेदक्षिणान्नमः (२) ब्रह्मग्रन्थिविमोकश्च (३) ततः ओम् सुमित्रिया न आप ओषधयः सन्तु (४) इति पवित्राभ्यां शिरः सम्मृज्य (५) ओम् दुर्म्मित्रियास्तस्मैसन्तु योऽस्मान्द्वेष्टियञ्चवयन्द्विष्मः (६) इत्यैशान्याम्प्रणीतान्युब्जीकरणम् (७) ततः स्तरणक्रमेणवर्हिरानीय घृतेनाभिघार्य्यहस्तेनैवजुहुयात् [८] ओम् देवागातुविदोगातुम्बित्वागातुमित। मनसस्पत इमन्देव यज्ञꣳ स्वाहा वातेऽधाःस्वाहा-इति मन्त्रेण [६] ततः पृथूदपात्रस्थजलमाम्रपल्लवेनानीय वरोमूर्ध्नि वधूमभिषिञ्चति १० ओम् याते पतिघ्नी प्रजाघ्नी पशुघ्नी गृहघ्नी यशोघ्नी निन्दितातनूर्जारघ्नीन्ततएनाङ्करोमि सा जीर्जत्वम्मयासह श्री अमुक देवि ? इति मन्त्रेण।

लगाय कें हाथहि सँ अग्नि में देथि (८) हे यज्ञ कें ज़ननिहार देवता सब ? एहि यज्ञ कें जानि आन यज्ञक हेतु अपनें सब जाउ। हे देव चन्द्रमा ? एहि यज्ञ कें वायु में स्थिर करु। एहि मन्त्र सँ (९) तखन कलशक जल आमक पल्लव सें लय वधूक माथपर वर छिटथि (१०) हे अमुक देवि ? अहाँक देह में स्वामीघातक सन्तानघातक पशु घातक गृहघातक यश घातक आयु घातक जे लक्षण अछि तकरा हम फराक करैत छी से अहाँ हमरा सङ्ग चिरजीविनी होउ। एहि मन्त्र सँ

(१) तखन वर वधू कें स्थालीपाक प्राशन करावथि (२) हे सुन्दरि ! अहांक प्राणक सङ्ग हम अपन प्राण कें मिलाबैत छी (३) अहांक अस्थिक सङ्ग हम अपन अस्थि कें मिलावैत छी (४) अहांक मांसक सङ्ग हम अपन मांस कें मिलावैत छी . (५) अहांक चर्म्मक सङ्ग हम अपन चर्म्म कें मिलावैत छी (६) एहि चारियो मन्त्र सं सब मन्त्रक अन्त में प्राशन करावथि (७) तखन हाथ धोय आचमन कय बधूक हृदय छूबि वर मन्त्र पढ़थि (८) हे सुन्दर अवयववाली ? एतवा दिन जे अहांक हृदय चन्द्रमागन्धर्व अग्नि कें स्वामी बुझैत रहे से आव हमरा स्वामी बुझयु, हम दूनू गोटें प्रसन्न सं सय वर्ष सब देखव सय वर्ष ज़ीव सय वर्ष सब शूनव। एहि मन्त्र सं (९) एकर बाद कङ्कण खोलि देथि। जन्म गेंठ लोक व्यवहार सं खोलथि (१०) तखन ठाढ़ भय वधू

[१] ततोबधूम्वरः स्थालीपाकम्प्राशयति (२) ओम् प्राणैस्ते प्राणान् सन्दधामि (३) ओमृअस्थिभिस्ते अस्थीनिसन्दधामि (४) ओम् माꣳसैस्ते माꣳसानिसन्दधामि (५) ओंम् त्वचातेत्वचꣳसन्दधामि (६) इतिमन्त्र चतुष्टयेन प्रतिमन्त्रान्ते प्राशनम् (७) ततो हस्तम्प्रक्षाल्याचम्य वधूहृदयंस्पृष्ट्वा वरः पठति (८) ओम् यत्ते सुसीमेहृदयन्दिविचन्द्रमसि श्रितम्। वेदा हन्तन्मान्तद्विद्यात्पश्येम शरदः शतञ्जीवेम शरदः शतꣳशृणुयाम शरदः शतम्-इति मन्त्रेण (९) अथ कङ्कणमोक्षणम्-जन्मग्रन्थि विमोकादीन्याचार परिप्राप्तानि [१०] तत उत्थाय वधूदक्षिणहस्तस्पृष्ट घृत पुःप फलपूर्ण स्रुवेण [११] ओंमूर्द्धानन्दिवो अरतिम्पृथिव्यावैश्वानरमृत आजातमग्निं कविꣳसम्राजमतिथिञ्जनानामासन्नापात्रञ्जनयन्तदेवाःस्वाहा। इति मन्त्रेणपूर्णाहुतिन्दद्यात् (१२) तत उपविश्य स्रुवेण भस्मानीय दक्षिणानामिकाग्रहीत भस्मना (१३) ओम् त्र्यायुषञ्जमदग्नेः-इति ललाटे।

सं दहिन हाथ धराय घृत फूल फल स्रुव में लय (११) स्वर्ग लोकक माँथ जकां उच्चास्थान आकाश में सूर्य्यरूप सं दीप्यमान, दाहादि सं सम्पूर्ण संसार में व्याप्त, सकल संसारक हित, बन में उत्पन्न, अपन भक्तपर दयालु, अत्यन्त तेज़स्वी, यजमान सबहिंक अभ्यागत, देवता सबहिंक मुख, अग्नि कें देवता सब उत्पन्न कैलन्हि, ताहि अग्नि कें बल पूर्णक हेतु ई घृत दैत छिपेन्हि॥ एहि मन्त्र सं पूर्णाहुति देथि (१२) तखन बैसिकें स्रुवपर दहिन अनामिका सं भस्मलय (१३) जमदग्नि मुनिक बाल्य युवा वृद्ध तीनो अवस्थाक आयु हमरा हो। एहि मन्त्रें कपारमें लगावथि॥

(१) कश्यप मुनिक बाल्य युवा वृद्ध तीनों अवस्थाक आयु हमरा हो ॥ एहि मन्त्रे गर में लगावथि (२) देवता सबहिंक तीनों अवस्थाक आयु हमरा हो। एहि मन्त्रें दहिन बाँहुक मूल में लगावथि (३) ओ तीनों अवस्थाक आयु हमरा हो एहि मन्त्रें हृदय में लगावथि (४) एहि क्रम सँ वधूक कपार इत्यादि में, भस्ममें सिन्दूर मिलाय कें लगावथि (३) वधूक बेरि (ओम् तन्नो अस्तु त्र्यायुषम्) एतवा विशेष। (६) कुश तिल जल हाथ में लय॥ कर्म्मदक्षिणा वर करथि॥ आइ राति कैल जे अछिचतुर्थी कर्म्म तकर प्रतिष्ठाक हेतु एतवा द्रव्य मूल्यक अग्नि देवताक सुवर्ण यथा नामगोत्र ब्राह्मण कें दक्षिणा हम दैत छियैन्हि॥ एहि तरहें कर्म्मदक्षिणादय देथिन्ह॥ * ॥ * ॥ * ॥ * ॥

[१] ओम् कश्यपस्यत्र्यायुषम् इति ग्रीवायाम् [२] ओम् यद्देवेषुत्र्यायुषम् इति दक्षिणबाहुमूले [३] ओम् तन्नोअस्तु त्र्यायुषम् इति हृदित्र्यायुषङ्कुर्य्यात् (४) अनेनैव क्रमेणवधूललाटादावपि सिन्दूरेणसहत्र्यायुषङ्कारयेत् (५) तत्र तन्नो इत्यस्य स्थाने तत्ते-इति विशेषः (६) कुशत्रयतिलजलान्यादाय। ओम् अस्यांरात्रौ कृतैतच्चतुर्थीकर्म्मप्रतिष्ठार्थमेतावद्द्रव्यमूल्यकहिरण्य मग्निदैवतय्यँथानामगोत्राय ब्राह्मणायदक्षिणा महन्ददे। इति वरः कर्म्मदक्षिणान्दद्यात् ॥ ❁ ॥ * ॥ ❁ ॥ ❁ ॥
इति चतुर्थी कर्म्म समाप्तम् ॥ ❁ ॥ ❁ ॥ ❁ ॥

अथेयस्वाजसनेयिविवाह चतुर्थीकर्म्मपद्धतिः पूर्णियां मण्डलान्तर्गत भसदीअड़ ग्राम निवासिना सोदरपुर वंशोद्भवेन पण्डित श्रीअचम्भित मिश्र तनूजेन परिहारी दुःखमोचन श्रीराम मन्दिर संस्कृत पाठशालाध्यापकेन व्याकरण तीर्थेन पण्डित श्रीवलभद्र मिश्रेण स्वकृतया मन्त्रार्थबोधिका मिथिला भाषाटीकया समलंकृत्य कोईलखग्रामनिवासि ज्योतिर्विच्छ्री श्रीनन्दन शर्म्मद्वारेण संशोध्य स्वहस्तेन विलिख्य वनैलो राजकुमार श्रीमद्रमानन्द सिंह बहादुराज्ञया तद्द्रव्य व्ययेनच पूर्णियां श्रीभागवत नारायण "दी ग्रैण्ड प्रिन्टिङ्ग यन्त्रालये" मुद्रापयित्वा प्रकाशिताच। अस्य पुनर्म्मुद्रणादिकं सम्पादकेन स्वायत्ती कृत मत्र मतिवैकल्यात्कण्टकादि दोषाच्च यदशुद्धादिकन्तद्विद्वन्निजगुणेन क्षन्तव्य मित्यभ्यर्थना॥ इति वैशाख कृष्ण तृतीयायां शुक्रे सन १३३६ साल।

वा० विवाह रत्नम्

शुद्धि पत्र मिदम् ।

अशुद्धम्	शुद्धम्	प०	पृ०	पं०
शन्याम्	शून्याम्	१	१	३
प्रास्यति	प्रदास्यति	१	२	१
कयाभ्	कन्याम्	१	२	१
गहित्वा	गृहित्वा	१	२	२
भवन्तभ्	भवन्तम्	१	२	६
अवाप्रवानि	अवाप्नवानि	२	२	३
परमेणा	परमेण	३	२	१
मधुपक्क	मधुपर्कं	३	२	२
स्पष्ट्वा	स्पृष्ट्वा	३	२	५
प्रवरश्य	प्रवरस्य	५	१	२
पत्नीन्ये	पत्नीत्वे	५	२	२

अशुद्धम्	शुद्धम्	प०	पृ०	पं०
बचनम	बचनम्	६	२	२
अनन्त: गार्भि	अनन्तगर्भि	७	१	१
प्रोक्षणन्	प्रोक्षणम्	७	१	५
पनस्त्रिः	पुनस्त्रिः	७	२	२
प्तव्य	प्रतव्य	७	२	२
समिधम्	समिधस्	७	२	२
द्वोषा	द्वेषा	८	१	४
सुषुरुणय	सुषुरुणाय	९	१	१
स्राहा	स्वाहा	९	१	२
ऊर्भ्यः	ऊगर्भ्यः	९	१	४
स्तावा	स्तावा	९	१	६

अशुद्धम्	शुद्धन्	प०	पृ०	पं०
द्रर्शाय	दर्शाय	९	२	६
सम्राज्य	साम्राज्य	११	१	४
घोरहं	घौरहं	१३	१	३
वधू	वधृ	१३	२	५
आपा	आपो	१४	२	२
हाम	होम	१५	२	२
लात् यायुषं	त् यायुषं	१	२	१
याकेन	पाकेन	२०	१	१
भू	भूः	२०	१	४
कूर्य्यात्	कुर्य्यात्	२२	१	२
कम्म	कर्म्म	२२	१	४

टिप्पणी—

अहतवस्त्रवेष्टित तृणपूरक इति—सकृद्धौतन्नवं श्वेतं सदसर्य्यन्न धारितम् । अहतन्तद्विजानीयात्सर्वकर्म्मसु पावनम् ॥ तृण इति—कुशः प्रादेशमात्रस्तुदर्भस्तुद्विगुणः स्मृतः । हस्तमात्रन्तुवर्हिः स्यात्तदूर्ध्वन्तृणमुच्यते ।
प० ६ छ० १ पं० ६

इति—पं० श्रीवलभद्र मिश्र कृता मन्त्रार्थवोधिनी मिथिलाभाषाटीकासमलङ्कृता
वाजसनेयिविवाहचतुर्थीकर्म्मपद्धतिः समाप्ता ।

पुस्तक प्राप्ति स्थानम् —

प्रथमवार २०००

बाबू श्रीकृष्णमोहन मिश्र, ग्राम भसदीअड़, पो० गुरुबाज़ार, जि० पुर्णियां ।

Printed by—Bhagwat Narain Sinha—At The Grand Printing Works Purnea City—